

8 me 2014

Chè Paran,

Nan reyinyon Komisyon Konsèy Lekòl 7 me 2014 la Komisyon Konsèy la te apwouve orè pou lage elèv pou dènye twa jou lekòl yo, konsa:

Orè Elèv pou 3, 4, 5 Jen 2014			
Lekòl	madi 3 jen	mèkredi 4 jen	jedi 5 jen
Lekòl Elemantè	(K-1)	8:20 dimaten – 1:35 nan aprèmidi	
	(2-5/6)	8:20 dimaten – 1:35 nan aprèmidi	
Sant K-8	8:20 dimaten – 1:35 nan aprèmidi		
Lekòl Mwayen	9:10 dimaten – 2:40 nan aprèmidi		
Lekòl Segondè	7:20 dimaten – 11:50 dimaten		

- **Dejene e Repa Midi:** Yo ap bay elèv yo opòtinite pou yo gen toude dejene e repa midi chak jou anvan lekòl lage.
- **Pwogram Swen Apre Lekòl:** Elèv ki patisipe kounye a nan pwogram anrichisman apre lekòl, direktè a sipèvize nan lekòl mwayen ak pwogram swen apre lekòl YMCA, ASP, YWCA, FCAA, SASCC. SFASAS, CKL, e CAW nou ap ofri yo swen pwolonje ki ap kòmanse lè yo lage lekòl e ap fini pa pita pase 6:00 diswa san yo pa chaje paran frè adisyonèl. Li pa akseptab pou depoze menm jou a elèv ki pa enskri nan pwogram yo.
- **Orè Otobis:** Orè otobis pou elèv M-DCPS ap rete menmjan nan maten. Yo ap ajiste orè otobis pou twa dènye jou lè lekòl lage.
- **Paran k ap Vin Chèche Pitit yo:** Li trèzenpòtan pou w rive alè lè w ap vin chèche pitit ou a (yo) lè lekòl lage.

Silvoulè asire w nou ap pran tout prekosyon pou pitit ou a (yo) lage chak jou byen pezib e ansekirite. Si w gen nenpòt kesyon, silvoulè kontakte lekòl la.